



DEMOKRASI BYEN KLERE

★ ★ ★



Tampa Bay
Times
NIE
newspaper in education
tampabay.com/nie

FPES
FLORIDA PRESS
EDUCATIONAL SERVICES INC.
FPESNIE.ORG

Florida
HUMANITIES

Demokrasi Ozetazini

Angajman sivik

Demokrasi nou an mande aksyon, reyaksyon pou n kontinye “fòmè yon inyon solid”, jan sa ekri nan kòmansman Konstitisyon Etazini an. Demokrasi se yon sistèm gouvènman ki mande angajman ak patisipasyon. Li mache lè sitwayen yo chèche repons pou kesyon sa yo:

- Kiyès ki kapab patisipe?
- Ki jan pou motive moun yo patisipe?
- Èske gen lòt jan pou sitwayen yo patisipe anplis vote.
- Ki dwa ak reponsablite sitwayen yo?

Ki jan ou ka patisipe, kòm sitwayen? Depi kòmansman nan revolisyon rive nan lit pou dwa sivil kontinye ak bilten vòt, tout moun, tout kominote dwe patisipe nan devlopman demokrasi Ameriken an.

Demokrasi se pataje pouvwa ak moun nou ka pa konnen, nou ka pa dakò ak yo. Rekonèt divèsite nan panse ak nan ideyal. Eksperyans Ameriken an leve aspirasyon nou ak optimis ke lespri nou kapab fè nou ale annavan. Kesyon fondamantal yo se: Ki sa ki nesèsè pou moun lib rive gouvènè tèt yo. Èske nou kapab?

Pran chans

Lè revolisyonè Ameriken yo te fè lagè pou yo te jwenn endepandans, yo te pran yon chans ki te gen efè sou plizyè jenerasyon apre yo. Yo te anbrase ide radikal pou tabli yon gouvènman ki konfyè pouvwa nan men sitwayen yo, pa nan men yon monachi. Chans sa a leve kesyon ki gen enpak sou Ameriken jis kounye a: Ki moun ki gen dwa vote? Ki libète ak reponsablite sitwayen yo? Ki vwa ki gen valè?

“Nou pa ka akonpli anyen ki gen valè pou kont nou ... kèlkeswa sa ki rive, se rezilta lè tout moun mete men ansanm epi tou ak efò chak moun endividyèl mete pou kreye chanjman ki gen valè.”

– SANDRA DAY O’CONNOR, JIJ NAN LAKOU SIPRÈM ETAZINI.

Noumenm, Pèp la

Demokrasi mache byen se lè sitwayen “enfòmè” aktif epi ki gen konpasyon egziste ansanm ak enstitisyon pou fè respekte lalwa”, jan sa dekri nan dokiman: *Devan Listwa, devan tèt nou*. Demokrasi ka vin frajil, espesyalman si moun yo pa patisipe yon fason ki aktif.

Yon sosyete demokratik, se plis pase patisipe nan eleksyon sèlman. Otonomi nan gouvènè mande sitwayen “ki enfòmè, ki reflechi ki patisipe nan kominote yo, ki enplike nan pwosedi politik epi tou ki gen vèti moral ak vèti sivik”.

Sa ki pi enpòtan pou demokrasi mache, se lè dwa yo ki nan dokiman “dwa moun” yo pwoteje: libète lapawòl, libète relijyon, libète laprès, libète pou rasanble san vyolans ak libète pou mande gouvènman repare sa ki pa kòrèk.

Sous: Facing History an Ourselves; 4-H

Itilize pouvwa ou

“Re-imagjine enstriksyon sivik kòm ansèyman epi aprantisaj pouvwa se yon bagay ki nesèsè. . . Si ou pa aprann ki jan pou ou pratike pouvwa ou, ap gen lòt moun ki fè sa nan plas ou- nan non ou, sou teren ou, ak vwa ou epi souvan kont enterè ou” se sa Eric Liu ekri, li se otè epi direktè Inivèsite Sitwayen.

Motivasyon sitwayen yo enpòtan pou yon demokrasi ka dyanm. Se la ou antre nan koze a. Èske ou konnen ki sa sa vle di bon sitwayen? Ki kalite pouvwa ki nan men sitwayen yo? Ki jan sitwayen yo ka itilize pouwa yo pou pote chanjman?

Pou ki sa se enpòtan?

“Demokrasi ka siviv sèlman si li solid, lè sipò li jwenn pa rete nan men gran lidè, men se lè li gen sipò sitwayen ki responsab”, dapre otè Benjamin Barber. “Se diktati ki bezwen gran lidè. Demokrasi bezwen gran sitwayen. Epi, sonje, sitwayen pa fèt tou bon, men se edikasyon sivik ak angajman politik nan yon peyi lib,” ki fè bon sitwayen.” Ki sa sitwayen responsab vle di? Ki enpòtan sa genyen, dapre ou, lè moun yo konprann ke yo menm tou, yo gen pouvwa pou yo pote chanjman?

Foto sou kouvèti a:

Foto anwo a: Elèv lekòl Plant High school pandan yon vijil pou onore viktim vyolans tire ki te fèt nan lekòl Marjory Stoneman Douglas nan vil Parkland; seremoni an te fèt nan Curtis Hixon Park, Tampa, 19 fevriye, 2018. Dirk Shadd, *Times Photo*

Lèt foto: Koutwazi National Museum of American History

Foto anba a: Mach nan vil Washington pou dyòb ak libète, 28 out 1963. Foto Rowland Scherman.

Pataje istwa

Florida Humanities te kòmanse an 1973, kòm yo ekstansyon National Endowment for the Humanities (NEH). Florida Humanities

enpleman te misyon NEH pou delivre kilti ak disiplin imanite pou tout sitwayen yo jwenn. Pandan plis pase 45 ane, Florida Humanities angaje tèt li pou fè aktivite pwomosyon pou tout moun konprann istwa, literati, ak kilti Florida, atravè kolaborasyon li etabli ak bibliyotèk piblik yo, ak mize yo, ak sosyete istwa yo, toupatou nan eta Florida a.

Florida Humanities se sèl òganizasyon kon sa, ki dedye pou enfòmè tout Floridyen kèlkeswa kote yo ye, depi nan Panhandle jiska Keys yo.. Li fè sa ak diferan medya tankou aplikasyon pou vizite, tankou kolaborasyon ak Smithsonian Institution, pwogram alfabetizasyon.

Florida Humanities bay bous ki rive plis pase 14 milyon dola pou diferan pwogram toupatou nan eta Florid. Aprann plis sou Florida Humanities nan sit floridahumanities.org

Pwogram Tampa Bay Times Newspaper in Education (NIE) angaje pou li edike moun tout laj; li gen anpil onè pou li kolabore ak Florida Humanities nan pwojè sa a, ansanm ak patnè yo Mize, bibliyotèk, sant istorik. Piblikasyon NIE sa a se yon sipleman nan Smithsonian Institution's Museum on Main Street espozisyon mobil, *Voices and Votes: Democracy in America*, disponib nan Florida an 2020.

Pou pwogram NIE nan Tampa Bay Times ale sou sit tampabay.com/nie.

Mèsi sipòtè yo

Fon pou pibliye dokiman sa a soti nan yon bous Florida Humanities ki resevwa lajan nan men National Endowment for the Humanities. Kèlkeswa opinyon, dekouvèt osinon rekòmandasyon ki esprime nan piblikasyon sa a pa nesèman opinyon Florida Humanities osinon National Endowment for the Humanities.

Florida Humanities remòsyè òganizasyon sa yo pou jenewozite yo ak sipò yo bay pou fè piblikasyon sa a. Andrew W. Mellon Foundation, Gulf Coast Community Foundation ak Pallet One.

Ale pi lwen nan tèks la

Konpare epi kontraste



Lè ansèt Etazini yo te deside fòme yon nouvo gouvènman, se te yon lide ki pran chans, ki radikal epi ki te danjere. Gen anpil moun ki te pè ke peyi a pa t ap kapab siviv san yon wa. Yo pa te kwè demokrasi kapab mache. Nan diskou Prezidan Abraham Lincoln nan Gettysburg, li te defini demokrasi kòm "soti nan moun yo, ak fòs moun yo, pou moun yo." Ki sa fraz sa a vle di? Ki jan moun yo chanje nan peyi Etazini pandan dekad yo? Patisipasyon sitwayen yo esansyèl pou demokrasi mache kòmilfo. Soti sou Thomas Jefferson ak George Washington rive sou Martin Luther King, Jr. ak Elizabeth Cady Stanton, ideyal politik, prensip ak dwa moun evolye.

Travay an ti gwoup, fè yon lis diferan fason sitwayen yo kapab patisipe nan sosyete, nan kominote ak nan gouvènman.

Aprè sa, gade nan jounal lokal pou jwenn jan sitwayen yo ka patisipe nan sosyete a. Jwenn egzanp moun ki kontribye pou demokrasi nan kominote a. Kiyès moun sa yo ye? Ki sa ki fè yo se bon sitwayen? Nan ki sa yo patisipe? Ki jan yo kontribye pou sosyete a ak pou kominote a? Ki sa ou kapab fè pou kontribye nan sosyete a? Chwazi youn nan aktivite ou te li yo pou ou fè ansanm avèk zanmi ou ak fanmi ou. Ale sou sit web sa a pou jwenn plis lide: volunteerflorida.org and nationalservice.gov/serve. Pataje ak lòt elèv yo sa ou te aprann sou medya sosyal yo.



Yon gwo chans

Pran yon pozisyon

Kolon ameriken yo te kwè wa Angletè George III te ap abize pouvwa li. Yo te oblije peye taks men yo pa te gen reprezantan nan gouvènman an. Alò, ki sa ki te fèt pou yo ak lajan taks yo a? Taks sou te a mete abse sou klou Lè yo vin mete plis taks san mande opinyon moun yo, sa pote kòlè nan mitan kolon yo, yo panse gouvènman britanik la pa bay opinyon kolon yo okenn valè.




Nan dat 11 jen 1776, Kongrè Kontinantal la òganize yon komite ki gen senk manm pou yo kreye yon dokiman pou deklare endepandans ak gouvènman britanik la. Delege yo te John Adams soti Massachusetts, Benjamin Franklin soti Pennsylvania, Thomas Jefferson soti Virginia, Robert R. Livingston soti New York ak Roger Sherman soti Connecticut. Lèt sa a ki

adrese pou Wa George, rele Deklarasyon Endepandans.

Bon sans ak limyè

Pou li ekri Deklarasyon Endepandans la, Thomas Jefferson te jwenn enspirasyon ak enfliyans nan panse John Locke ak Thomas Paine.

Fraz “ Tout moun, ak benediksyon kreyatè a gen dwa pèsòn ka retire, tankou dwa lavi, dwa libète ak dwa pou chèche kè kontan” soti nan deklarasyon eklere Locke te ekri. Locke te ekri plisye atik sou lwa natirèl ak dwa natirèl. Locke te devlope lide ke tout moun fèt ak dwa natirèl pou lavi, libète ak posede byen. Li te kwè ke dwa sa yo endepandan de pouvwa gouvènman ak lwa sosyal.



Paine te ekri yon dokiman an 1776 “Common Sense,” Bon Sans pou blame wa George pou pwoblèm nan koloni Ameriken yo. Li te defye otorite gouvènman Britanik ak monachi Angle yo. Paine te pote

rezon ki ankouraje kolon yo deklare endepandans yo kont Angletè epi esiste sou dwa ak benefis pou moun yo gouvènè tèt yo.

Pou ki sa enpòtan?

Sou platfòm YouTube, gade videyo sa a “How America Misunderstands the Declaration of Independence” se yon prezantasyon Danielle Allen. Allen raple nou dokiman Deklarasyon an di klèman “pami dwa yo gen lavi, gen libète epi gen chèche kè kontan.” Ki lòt dwa ki ta ka genyen ankò? Youn fè lòt konnen sa li panse.

Fouye nan tèks

Dwa sitwayen yo

Chèche nan jounal lokal ou pou jwen egzanp moun ki ap selebre fraz ki vin apre la a, ki nan Deklarasyon Endepandans lan. “ Tout moun ... ak benediksyon kreyatè a gen dwa pèsòn ka retire, tankou dwa lavi, dwa libète ak dwa pou chèche kè kontan.” Chèche yon atik, yon foto osinon yon ti komik pou chak nan dwa yo. Ekri kèk fraz, nan kaye ou osinon nan jounal ou sou chak atik osinon foto ou jwenn. Pataje ak klas la ki sa ou te aprann.

Aktivite chèche konnen: Pwen pou nou konsidere

Ki jan lide nouvo demokrasi a se te yon lide revolisyonè? Ki moun Ki te “Tout Moun” nan moman an? Dapre Locke, gouvènè yo ak fondatè Etazini Damerik la te enkli menm moun ki te gen yon ti tè, epi pèmèt tout moun gen mo pa yo nan gouvènman. Èske chak pwopriyete gen menm dwa vote nan nouvo gouvènman an? Ki moun ki pa te enkli nan prezantasyon gouvènman sa a? Chèche konnen sou sa yo nan bibliyotèk lekòl ou osinon bibliyotèk katye ou. Konpare ide sa yo ak sa ki te ap pase nan Angletè ak Lafrans nan menm peryòd la. Apre ou fin ekri enfòmasyon ou aprann yo, esplike ki jan nouvo demokrasi kote moun yo te gen pouvwa a te revolisyonè. Pataje lide ou yo ak klas la.


Ale pi lwen nan tèks la

Konpare epi kontraste

“Menm si plizyè nan fondatè yo te rekonèt ke esklavaj vyole prensip prensipal nan Revolisyon Ameriken an, yo pa te gen kouraj pou yo pran yon desizyon kont lesklavaj. Anthony Iaccarino, editè nan *Encyclopedia Britannica* te ekri “investisman fondatè yo nan agrikilti ki pwofite jwenn travayè gratis ak sistèm esklavaj la, konbine ak prejije rasyal yo anpeche yo louvri je yo pou yo emansipe tout moun”.

Li “The Founding Fathers and Slavery” Iaccarino ekri nan *britannica.com*. Ekri lide prensipal ki nan atik la. Apre sa, li “Founding Fathers and Slaveholders” Stephen E. Ambrose ekri nan *Smithsonian Magazine* nan *smithsonianmag.com*. Ekri lide prensipal ki prezante nan atik la. Fè yon tablo osinon yon dyagram Venn pou konpare de atik yo. Ekri yon repons sou sa ou li yo.

KÒMANSMAN FLORIDA



1776
Revolisyon Ameriken kòmanse. Menm si Florida te koloni Angletè an 1763, li pa nan 13 premye koloni ki te ap fè revolisyon an. Popilasyon an ogmante rapidman paske kolon ki te sipòte Angletè yo vin nan Florida, yo te al rete nan vil St Augustine. Te gen anpil endijèn nan Sid Etazini ki te sipòte Angletè pandan Revolisyon Ameriken an. An 1783 Florida vin retounen yon koloni Espay.

1812
An mas 1812, yon gwoup kolon ki Georgia ki rele tèt yo Lame Patriyòt anvayi pati Espayòl nan Florida. Patriyòt yo eseye konvenk moun nan koloni Espay la pou yo mete ansanm pou deklare endepandans kont Espay. Patriyòt yo te pèdi sipò gouvènman Ameriken an epi yo abandone pwojè a nan kòmansman ane 1813.

1817-1818
Sòlda Ameriken yo anvayi pati Espayòl Florida a, yo brile kay Seminole yo, yo kaptire esklav ki te sove yo, se sa yo te vin rele premye lagè Seminole.

1821
Lespay van Florida bay Ameriken yo pou **\$5 milyon.**

1838
Gen yon konvansyon ki tabli nan St Joseph nan dat 3 desanm 1838 pou kreye yon Konstitisyon pou antre Florida nan Inyon an.


1845
Florida vin 27th Eta.




1858
Twazyèm epi dènye lagè Seminole fini. An 1842 Te gen mwens pase 200 Seminole ki te rete nan Florida.



1861
Nan dat 10 janvye, dokiman separasyon an te pibliye epi yo adopte yon nouvo konstitisyon ki ranplase mo "Konfederasyon" ak ak Etazini.



1865
Pou re-antre nan Inyon an, Florida te kreye yon nouvo Konstitisyon, men Kongrè Ameriken an te rejte li epi mete yon okipasyon militè sou Florida jiska 1868. Yo pase premye lwa Jim Crow pou ranfòse lwa "egal men separe" nan tren.



1868
Konstitisyon Rekonstriksyon retounen mete kontwol sivil sou eta a. Li afranchi gason nwa yo pou yo vote epi mande chak votè deklare lwayote pou Eta Florida ak pou Gouvènman Ameriken an. Nouvo Konstitisyon an prevwa reprezantasyon Seminoles yo nan tou de chanm lejilati yo. Syèj yo pa janm gen reprezantasyon, yo elimine yo an 1885.

1928
Yo ouvri ofisyèlman Wout Tamiami Trail ki soti Miami pou ale sou Gòlf la.



Sous: Florida Memory Project; Florida Department of State; U.S. Census Bureau

1950
Florida Vin tounen **20^{em} eta** **Ki gen plis moun** nan peyi a.

1968
Votè yo ratifye yon nouvo konstitisyon. Se konstitisyon sa a ki valid jodi a.

2019
Ak yon popilasyon apwoksimatif **21.5 MILYON** Florida kounye a se **Twazyèm Ki gen plis moun** nan nasyon.

Florida antre nan Inyon an

Florida vin 27em eta nan peyi Etazini nan dat 3 mas 1845. Yo te eli William D. Moseley kòm premye gouvènè nouvo eta a. David Levy Yulee ak James D. Westcott, Jr. te premye senatè ki soti Florida premye desanm 1845. Leta Florida te pase sis Konstitisyon: 1838, 1861, 1865, 1868, 1885 ak 1968. Ou ka li Konstitisyon Florida nan sit web fhsenate.gov/laws/constitution.

Konstitisyon Etazini se baz ki ini nasyon an men, chak eta gen Konstitisyon pa yo. Konstitisyon eta yo gen plis detay pase Konstitisyon federal la epi tou yo amande yo pi souvan pase Konstitisyon federal la. Konstitisyon eta yo bay plis pwoteksyon ak plis dwa ki pa nan lwa federal yo. Pa egzanp, Konstitisyon Florida pwoteje dwa vi prive fi yo ak dwa egalite fi yo. Gade atik I, Seksyon 2 ak 23. Lwa eta yo pa kapab retire dwa konstitisyonèl federal rezidan yo.

Sous: Florida Department of State; Florida Senate; Georgetown University Law Library



Yon vwa, yon vòt

Ak moun yo, pou moun yo

Etazini, jan non an enplike se yon nasyon - ini, endivizib. Men atravè istwa nou, nou jwenn anpil divizyon nan teyori, nan filozofi ak nan abitud. Mo "demokrasi" a enplike pou tout moun gen vwa yo nan pwosedi politik yo.

Nan tan nou ye kounye a, gen divès gwoup votè, men se pa tout Ameriken ki te toujou gen dwa vote. Lit pou reprezantasyon ki jis, dwa pou vote nan eleksyon politik te toujou yon pwoblèm depi nan nesans Etazini, ki fè tanzandan gen chanjman nan lwa yo.



"We the People"

... pou kreye yon Inion ki pafè, tabli jistis, asire trankilite lakay, defann tout moun, pwomouwwa byennèt, pwoteje lagras ki vin ak libète pou nou tout epitou pou pitit pitit, nou tabli Konstitisyon Ameriken sa a"

Fouye nan tèks la

Amanman

Chèche konnen epi analize enpak 13èm, 14èm, 15èm, 19èm, 24èm ak 26èm amanman yo genyen sou patisipasyon gwoup minoite yo nan aktivite politik yo. Separe klas la an 6 gwoup. Chak gwoup gen responsablite pou chèche sou youn nan amanman yo. Analize kontni amanman an, kontèk li, konsantre sou objektif amanman an.

Pouvwa nan mo yo

Konstitisyon an ta ka pa ratifye 17 septanm 1787 si lidè yo pa t mete yon pwomès ta pral gen yon lwa ki garanti dwa moun. Dis premye amanman Konstitisyon an bay sitwayen yo konfyans nan nouvo gouvènman an epitou li gen plizyè nan libète Ameriken yo valorize jodi a.

Entwodiksyon Deklasyon Dwa yo ak 10 premye amanman yo te ratifye 15 desanm 1791. "Ajoute Konvansyon pou satisfè preyojikasyon plizyè Eta te genyen, nan moman yo ap adopte Konstitisyon an yo te esprime enkyetid yo pou pa gen abi nan pouvwa yo, yo te mande pou ajoute nouvo atik ki antre nan dokiman an. An plis tou, lè piblik la gen plis konfyans nan gouvènman an sa bay enstitisyon yo plis jarèt"

Pou nou ka li de dokiman yo, ale nan sit achiv yo nan [.gov/founding-docs](http://www.gov/founding-docs).

Yon gouvènman pou tout moun



13th Amendment print
Artist and engraver Walter Shirlaw produced this commemorative print in 1868, which reproduced the signatures of the amendment's congressional supporters.

Ant ane 1865 ak 1971, te gen sis amanman konstitisyonèl ki te ratifye pou fasilite tout sitwayen Ameriken ki depase 18 an fi, gason, kèlkeswa ras yo pou yo patisipe nan demokrasi a.

Aprè lagè sivil an 1865, Kongrè a te bezwen adrese nouvo responsablite nasyon an tankou entegre 4 milyon moun nwa ki vin emansipe nan

lavi politik nasyon an, tankou re-entegrasyon nan reprezantasyon federal tout eta ki te nan rebelyon yo. Demach Rekonstriksyon an te enkli 13em, 14em, ak 15em amanman nan Konstitisyon an ki prevwa pwoteksyon sivil ak pwoteksyon legal pou ansyen esklav yo.

An 1924, Ameriken natif yo gen dwa kòm sitwayen lè prezidan Calvin Coolidge te siyen Lwa Sitwayennte Endyen yo.



Prezantasyon mokasen Endyen.
Yon delegasyon Endyen Plenn ofri Prezidan Ulysses S. Grant mokasen ak pèl sa yo an 1870 pandan konferans pou lapè nan Washington D.C. Konsepsyon an ini motif ki soti nan de kilti yo pou endike espwa nou tout kapab egziste ansanm. Kado Mesye Chapman Grant

Trèzyèm amanman an ki te ratiifye 6 desanm 1865 te aboli lesklavaj nan peyi Etazini ak tout lòt kote ki anba jiridiksyon Etazini." Kongrè a te mande eta konfedere yo pou yo ratifye 13èm Amanman an anvan pou yo reprann reprezantasyon federal yo.

Katòzyèm Amanman an te ratifye 9 jiyè 1868, li akòde privilèj sitwayen pou tout moun ki "fèt osinon ki natiralize Ameriken" sa kouvri ansyen eslav yo, bay tout sitwayen "pwoteksyon egal, devan lalwa" epitou aplike "Deklarasyon dwa moun" nan tout eta yo. Amanman sa a bay Kongrè a pouvwa pou li anfòse amanman an, ki mennen pasaj lòt lwa pandan ventyèm syèk la tankou lwa sou dwa sivil, an 1964 ak lwa sou dwa pou moun vote nan eleksyon, an 1965.

Kenzyèm Amanman an ki te apwouve 3 fevriye 1870 defann eta yo retire dwa vote yon moun baze sou koulè, sou ras osinon lòt kondisyon restavèk moun nan. Sepandan, Amanman an kite pòt ouvè pou eta yo mete kondisyon pou vote depi kondisyon yo aplike sou tout ras; se konsa, gen pami ansyen eta konfedere yo pwofite pou mete taks vote ak tès alfabetizasyon kòm kalifikasyon pou vote. Amanman 24èm ratifye an 1964, elimine taks pou moun vote.

Amanman 19èm ki garanti dwa pou fi Ameriken yo ka vote te ratifye an 1920. Amanman 26èm ratifye premye jiyè 1971 bay Amerikem ki gen 18 ane osinon plis dwa pou yo vote.

Sous: United States Senate; U.S. National Archives



Yon siy pou sitwayennte, 1952
Irene Lourdes, a Chinese American preparing to vote in New York City. Koutwazi Arthur Sasse ©Bettmann/CORBIS

Dwa pou fi yo vote

Dabò fi yo te òganize epi kolektivman yo te lite pou yo gen dwa vote nan nivo nasyonal an jiyè 1848. Lidè tankou Elizabeth Cady Stanton and Lucretia Mott òganize yon reyinyon ki te gen plis pase 300 moun nan Seneca Falls, NY. Nan dekad ki vin apre yo, fi yo te fè mach, pwoteste, fè presyon, menm al nan prizon Pandan ane 1870 yo fi yo te fè presyon sou Kongrè pou vote yon amannman ki rekonèt dwa pou yo vote.

Dwa pou fi yo vote nan Florida

Nan fen ane 1800 yo, te gen plizyè òganizasyon rejyonal pwomosyon vote toupatou nan peyi Etazini. Men mouvman an te gen rasin anti-esklavaj. Se sa ki fè mouvman pou fi vote a te pran tan pou li òganize nan Sid la. Efò pou òganize pwomosyon vòt fi nan Florida pa te mache rapid, jiskaske Ella C. Chamberlain te fonde Asosiyasyon pou fi vote an 1893. Lè Chamberlain te pati kite eta a apre kat ane, òganizasyon te kraze.

Sipò pou fi kapab vote nan Florida pa te jwenn sipò tout moun, jiska 1910, lè gwoup tankou Lig pou dwa egal ak Lig pou vote nan Òlanndo te vin aktif. Plizyè nan gwoup pou fi vote nan Florida yo te sipòte dwa pou fi blan vote. Se pou sa, souvan yo pa te envite fi nwa yo vin nan òganizasyon pou fi vote yo.

Fi Florida yo te konn patisipe tou nan òganizasyon tankou Pati Nasyonal Fi yo. Lè Mary Nolan, yon moun Florida te patisipe ak Pati Nasyonal Fi yo nan yon mach nan Washington an 1917, yo te arete li epi mete li nan prizon.

Plizyè eta, toupatou nan peyi a te òganize sesyon espesyal pou vote sou 19èm amannman an ki ta pèmèt fi yo vote. Gen eta ki ratifye amannman an alòske gen eta ki rejte li. Sepandan, Florida pa t menm vote sou amannman an. Te gen plizyè politisyen ak jounal ki te kont lide pou fi ta vote.

Nan dat 13 me 1969 Florida finalman bay sipò pou fi kapab vote, lè li vote anfen pou ratifye 19èm Amannman an.

Sous: Sèvis Pak Nasyonal



Twa fi pandan demonstrasyon nan vil Nouyòk pou fè pwomosyon vote, yo mache soti Manhattan rive Albany epi yo distribye bwochi pou ankouraje moun sipòte koz la. Shutterstock



Suffrage March
Photo Richard W. Strauss, National Museum of American History, Smithsonian Institution

Plim 19èm Amannman an
Gouvènè Pennsylvania Governor William Cameron Sproul sèvi ak yon plim jòn pou li siyen dokiman ratifikasyon 19èm Amannman an.

Pou ki sa enpòtan?

Èske tout moun gen menm dwa pou yo vote nan Florida jodi a? Si se non, pou ki pa? Èske tout opòtinite vote yo egal? Èske yo te dwe fè vote vin pi fasil? Si se wi, pou ki sa epitou ki jan?



Madan Frederick (Mary) Nolan
ca. 1910-1920
Wikimedia Commons, Domèn Piblik



Selma March
Foto Matt Herron, 1965

Fouye nan tèks la

Represyon kont votè yo

An 2013, Pwofesè nan University of South Florida St. Petersburg Darryl Paulson te ekri yon seri atik nan jounal *Tampa Bay Times* ki esplik diferan fason Florida fè diskriminasyon kont sitwayen nwa ki vle vote yo depi pandan Lagè Sivil epi apre. Al li twa atik sa yo nan lye sa yo:

- > tampabay.com/news/perspective/floridas-history-of-suppressing-blacks-votes/2146546/
- > tampabay.com/news/perspective/how-florida-kept-blacks-from-voting/2147745/
- > tampabay.com/news/perspective/florida-so-often-denied-black-voters/2154126/

Ekri lide prensipal ki nan atik atik sa yo. Asire ou mete ide sa yo Ki pwen ki prensipal nan chak atik? Ki odyans ki vize? Pou ki sa Paulson te ekri atik sa yo? Ki leson nou ka aprann nan chak atik?

Apre sa, gade lòt atik (kouran osinon nan achiv) nan jounal pou jwenn atik ki trete sijè vote a. Chèche atik sou dwa pou moun vote osinon sou amannman sou vote. Èske tout moun nan kominote ou gen dwa egal pou yo vote? Ekri yon esè ki prezante agiman ki baze sou sa ou te aprann pandan rechèch ou te fè yo.



Ansyen gouvènè LeRoy Collins ap patisipe pandan yon mach pou dwa sivil (mas, 1965) nan vil Selma, Ala.
John Lewis (ki te vin U.S. Representative) dezyèm ranje agoch. Wòl "Collins" kòm mediyatè pandan mach nan vil Selma, Ala., aktivite sa a kontrarye karyè politik li. Konsèvatè yo nan Sid peyi a akize li se yon trèt lè yo wè foto li ak ak lidè dwa sivil Andrew Young, Dr. Martin Luther King Jr., Coretta Scott King ak Ralph Abernathy." Achiv Eta Florida

Machin Demokrasi a

Gouvènman ki baze sou demokrasi

Gouvènman Etazini baze sou demokrasi, pa vre? Men, pa gen mo demokrasi a ni nan Deklasyon Endepandans lan, ni nan Konstitisyon an Ameriken an. An reyalyte gen nan premye lidè yo ki te pè règ ki gen nan demokrasi. Nan koleksyon dokiman *The Federalist Papers*, James Madison te ekri, “enstabilite, enjistis ak konfizyon ... se maladi mòtèl ki fè gouvènman popilè yo peri.”

Menm si yon gouvènman ki baze sou prensip demokratik te miyò pase monachi ki genyen nan peyi Ewòp yo, kolon yo te kwè gouvènman ki gen kontwòl pèp t ap pote dezòd.

Sous: *Encyclopedia Britannica*.

Republik demokratik

James Madison te defini yon demokrasi ki apwopriye se lè gen yon ti gwoup sitwayen ki rasanble pou administre gouvènman direktman.” Li te defini yon repiblik tankou yon “gouvènman ki gen chema reprezantan” Dapre Madison, “gen 2 eleman fondamantal ki fè diferans andt yon demokrasi ak yon repiblik, dabò se delegasyon gouvènman an nan men yon ti gwoup sitwayen eli ansuit plis gen sitwayen nan yon rejyon se plis reprezantan rejyon an ta dwe genyen.” Sa vle di, pou Madison “demokrasi vle di demokrasi dirèk epi repiblik vle di gouvènman reprezantatif.”

Sous: “The Federalist Papers No. 10;” *Encyclopedia Britannica*

Demokrasi endirèk

Fondatè yo te kreye yon demokrasi endirè sa vle di reprezantatif Nan sitèm sa a, sitwayen yo vote reprezantan yo epi reprezantan yo pran desizyon pou sitwayen yo. Kòm yo te note nan sal konferans nan Philadelphia, moun yo itilize mo repiblik ak mo demokrasi yo youn nan plas lòt. Youn nan kritik sistèm demokrasi reprezantatif la se reprezantan yo vin tounen gwo chabrak epi yo pa konsilte sitwayen yo ankò, se sa ki fè, menm si gen eleksyon, yon vrè gouvènman reprezantatif pa egziste vrèman.


Etazini gen yon yon demokrasi konstitisyonèl, gouvènman limite, règ majorite epi kontwòl ak estrikti ki nan konstitisyon an.

Lidè fondatè yo te vle asire pa gen pouvwa absolwi nan gouvènman, se pou sa yo prevwa 3 branch gouvènman: Pouvwa egzekitif, pouvwa lejislatif ak pouvwa lajistis. Twa branch yo sèvi tankou yon sistèm pou youn balanse pouvwa lòt.

Sous: Independence Hall Association in Philadelphia

“Kongrè pa dwe mete lwa pou etabli relijyon osinon pou anpeche moun pratike relijyon nan libète; li pa gen dwa mete baboukèt sou moun osinon sou laprès, ni anpeche moun rasanble nan lapè osinon anpeche moun mande gouvènman redrese sa ki pa kòrèk.”

- AMENDMENT I, THE U.S. CONSTITUTION



“The Chain of States” lajan papye gouvènman Kontinantal, an 1776.

Foto Jaclyn Nash, Mize Nasyonal Istwa Ameriken, Smithsonian Institution

Katriyèm Eta

Sitwayen Ameriken yo ka patisipe nan sistèm politik nan pati nasyonal, nan pati eta yo, nan konvansyon, osinon nan kanpay pou kandida yo vle chwazi. Se responsablite sitwayen yo pou yo aprann sou kandida yo, ak sou pwoblèm yo.

Yon fason sitwayen yo jwenn enfòmasyon sou fonksyonman gouvènman an, se nan laprès. Nan tan yo t ap ekri Konstitisyon an, laprès se te enfòmasyon yon jounal te enprime. Siyifikasyon mo laprès la chanje kounye a. Lakou Siprèm nan te entèprete mo “laprès” tankou “kouvri” pa sèlman pale, ekri ak enprime, men tou pwopaje nan entènèt ak lòt fòm espresyon” dapre pwofesè Geoffrey R. Stone ak pwofesè Eugene Volokh, Atravè listwa, jounalis te yon faktè enpòtan nan gouvènman, li tèlman enpòtan pou fonksyonman demokrasi ke yo te konsidere li tankou yon eleman entegral nan demokrasi a menm Thomas Jefferson te di, “Vrè sekirite a se nan men laprès li ye.”

“Franklin” common press, adepè 1720.

Benjamin Franklin te idantifye machin prè sa a kòm sila li te itilize lè li te ap etidye nan peyi Angletè pandan ane 1720 yo. Foto Hugh Talman, Mize Nasyonal Istwa Etazini Smithsonian Institution



An 1841, Edmund Burke te ekri “Gen twa seksyon nan Palman, men, gen yon seksyon ki rele seksyon Repòtè ki pi enpòtan pase yo tout.” Thomas Carlyle te itilize fraz sila a nan liv li te ekri sou Revolisyon Franse.

“Yon katriyèm eta, Editè ki gen ladrès, leve kanpe, multipliye.” Catlyle te konsidere laprès tankou enstriman pou devlopman demokrasi, pwopaje enfòmasyon ak opinyon epi limen revolisyon pou konbat tirani.

Libète laprès

An 1971 ansyen Jij nan Lakou Siprèm Ameriken, Hugo Black te ekri “laprès dwe sèvi sitwayen yo, pa pou sèvi chèf yo.” Libète laprès enpòtan nan demokrasi, se nan laprès gouvènman ka reponn kesyon pèp la.


Demokrasi mande pou sitwayen yo enfòm. Yon bò, laprès sèvi pou enfòm sitwayen yo epi yon lòt bò, bay gouvènman an fidbak sou opinyon sitwayen yo. Laprès se manm sistèm balans ak siveyans, youn nan wòl li se esplike aksyon gouvènman an yon jan pou sitwayen yo konprann. Gen diferan mwayen pou sitwayen pou chanje lwa gouvènman yo mete, yo ka vote, fè petisyon, pwoteste osinon yo ka ekri lèt.



Reflechi

Thomas Jefferson te ekri, “Libète nou depannde libète laprès, epi si gen limit, nou ap pèdi libète a” Ki sa ou pase Jefferson te vle di? Èske ou dakò ak li? Èske ou panse libète laprès dwe absolwi osinon ou panse li ta dwe gen limit? Ki jan ou konnen ki sous nou vèl ki merite konfyans?

Kòm konsomatè enfòmasyon, ki sa ou ka fè pou verifiye enfòmasyon ou li osinon wè yo? Èske libète laprès ka antre nan konfli ak lòt bezwen sosyete a?



Siveyans Gouvènman

“Journalis gen kapasite siveye moun ki gen pouvwa yo epitou veye jan pozisyon pou sa yo pran afekte lavi sitwayen yo. Se vwa moun ki pa gen vwa yo.” dapre American Press Institute (API). Siveyan endepandan ki ap veye pouvwa vle di “siveye ti gwoup moun ki gen pouvwa nan sosyete a pou pwoteje majorite a kont tirani” dapre sa Bill Kovach ak Tom Rosenstiel nan liv *The Elements of Journalism*. API note ideyal journalis:

- Laverite se premye obligasyon journalis..
- Esans li se disiplin pou fè verifikasyon.
- Mentni endepandans parapò ak moun li ap investigate.
- Rete endepandan nan siveye moun ki gen pouvwa yo.
- Bay espas pou piblik la ka kritike, fè deba, fè konpwomi.

Nan tan dijital nou ap viv kounye a, prèske nenpòt moun kapab aji tankou yon journalis, li ka ekri kòmantè sou medya sosyal yo, li ka voye twit, afiche foto. Lè yo pwopaje enfòmasyon, moun nòmal antre nan monn repòtè yo.

Kovach ak Rosenstiel note 2 bagay ki separe pwosedi sa yo ak pwodui yon journalis. Dabò se motivasyon ak entansyon. “Objektif journalis se bay popilasyon an enfòmasyon li bezwen pou pran bon desizyon pou lavi li ak pou sosyete a. Dezyèm diferans lan se ke journalis dwe gen disiplin pou aplike sistematikman prensip verifikasyon enfòmasyon epi delivre laverite, li pa gen responsablite pou li enteresan osinon pou li amizan.”

Sous: American Press Institute

Gouvènman ki ouvè

Emory J. “Red” te detekte yon pwoblèm nan sikui kominikasyon ant sitwayen yo ak gouvènman nan eta Florida. Cross se te yon pèsonalite klasik nan Florida, yon lejislatè ki mache nan koulwa gouvènman nan Tallahassee, abiye ak yon konstim blan epi kravati kòde, dapre otè Craig Pittman, yon natif Florida.

Pandan ane 1950 ak 1960 yo, Cross te pase 16 ane nan Lejislati Florida. Pandan dis nan ane sa yo, li te fè anpil efò pou li pase lwa ki revolisyonè pou eta a.

Paula Rausch, yon repòtè nan jounal *Gainesville Sun*, ekri, “kèk jou apre Cross te antre nan Lachanm, li patisipe nan yon reyinyon *Society of Professional Journalists* (SPJ) (Sosyete Journalis Pwofesyonèl) epi yo ba li modèl lwa “reyinyon-ouvè” SPJ te prepare.” Menm si lòt manm yo te ri li, pwopozisyon lwa rive pase an 1967.

“Se te premye egzanp konsa nan peyi a, li te vini ak ap penalite tou. Se gras ak lwa sa a, Floridyen yo ap ka konnen plis enfòmasyon sou gouvènman yo pase moun nan lòt eta yo” Rausch ekri.

Sous: *Tampa Bay Times*; *Gainesville Sun*

Gouvènman nan klate solèy

Jodi a, Lwa pou tout bagay fèt aklè nan chapit 286 nan òdonans eta Florida. Lwa sa yo defini dwa

pou journalis ak moun ki enterese kapab patisipe nan reyinyon, nan komisyon, nan ajans gouvènman lokal osinon lòt kominikasyon leta.

Pandan tout istwa prensip *Gouvènman nan klate solèy* la, tribinal yo toujou sipòte dwa piblik la pou li jwenn aksè nan reyinyon ak nan achiv gouvènman. Kon sa, yo toujou ap defini epi re-defini ki sa yon dosye piblik ye, epi ki moun ki enkli nan *Gouvènman nan klate solèy* la. On sijè pote twoub se èske Konsèy Lejislatif la dwe anba obligasyon pou “tout reyinyon dwe ouvè” a. Pou adrese sijè a, yo pase amannman konstitisyonèl an 1990 epi an 1992 pou konfime ke tout branch nan gouvènman dwe respekte prensip “ouvè” a.

Eta Florida etabli an 1995 lwa “Gouvènman nan klate solèy” ki fèt pou garanti ke piblik la gen aksè nan achiv piblik gouvènman nan Florida. Achiv piblik enkli tout dokiman, papye, lèt, kat jeyografik, tep, foto. Fim, anrejistremant son, Lojisyèl tretman enfòmasyon ak lòt materyèl, kèlkeswa fòm fizik, metòd transmisyon, mòd tranzaksyon ofisyèl osinon enfòmèl, kèlkeswa ajans ki patisipe ladan li.

Sous: Biwo Pwokirè Jeneral; National Freedom of Information Coalition



Fouye nan tèks la

Jounalis konte

“San etid journalis, li pa p fasil pou konprann valè sitwayennte, demokrasi osinon kominote” dapre Roy Peter Clark, otè chèchè avanse nan Poynter Institute, ki se yon lekòl pou journalis nan vil St. Petersburg, Florida Ki jan ou entèprete deklarasyon sa a? Èske ou dakò ak li? Chèche egzanp deklarasyon kon sa nan jounal lokal ou. Chèche egzanp atik ki enfòm popilasyon an epi kreye yon tablo osinon yon desen ki montre enpòtans atik sa yo pou kominote a. Al asiste yon reyinyon gouvènman konte epi pran nòt. Konpare nòt ou yo ak atik ki pibliye nan jounal la sou menm reyinyon an. Èske atik la kouvri reyinyon an ak presizyon? Pataje sa ou te aprann ak klas la.

Pou kisa sa enpòtan?

Èske laprès gen dwa osinon obligasyon pibliye enfòmasyon? Pou ki sa li jistifye? Siveyans sekre gouvènman kapab pote danje pou journalis ak denonsiyatè pataje enfòmasyon. Men, san enfòmasyon ak obsèvasyon sou travay gouvènman, èske demokrasi ka reyisi? Koute konferans Trevor Timm nan TED Talk “How free is our freedom of the Press”, Freedom of the Press Foundation, nan sit tedtalk.com.

Aprè eleksyon

“Se yon bon bagay nan demokrasi paske moun gen dwa pwoteste”

– MARTIN LUTHER KING JR., 1955

Dwa pou pwoteste

Premye amannman nan Konstitisyon an tabli ke Kongrè a pa dwe fè lwa pou limite “dwa popilasyon an pou li rasanble pasifikman pou mande gouvènman an korije yon pwoblèm.” Endividi ak gwoup yo pa limite aktivite yo sèlman nan vote, kèlkeswa nivo resous yo genyen, yo kapab prezante enterè yo ak pwoblèm yo devan nasyon an.

Tout moun kapab prezante pwoblèm ak doleyans yo, espesyalman sa yo ki pa kapab vote yo. Nan kòmansman istwa Etazini, rasanbleman an mas pou prezante doleyans yo se te mwayen blan pòv, fi, moun nwa ak lòt minorite yo te konn esprime vwa yo pou patisipe nan direksyon peyi a.

Youn nan premye demach òganize pou esprime doleyans nan peyi Etazini se te pwotestasyon kont desizyon gouvènman an pou retire Natif Cherokee yo sou tè yo. Depi lè sa a, vin gen tout kalite pwotestasyon pou diferan sijè imajinab.



Apre 100 moun te pwoteste nan vil St. Petersburg pou mande Gouvènè DeSantis pou li refize yon pwojè otowout paske yo di pwojè sa a t ap menase bèt sovaj yo nan Florida yo. Tim Martin, direktè Sierra Club Florida te ankouraje moun pou yo rele biwo gouvènè a epi mande li mete veto sou pwojè lwa a. Caitlin Johnston – Times Photo, 5/14/2019

Diferan kalite pwotestasyon

Diksyonè Merriam-Webster Dictionary defini moun sa yo:

- Petisyon se “yon demann fòmèl alekri” yo bay yon reprezantan ofisyèl osinon bay yon òganizasyon osinon bay yon biwo gouvènman.

- Bòykotaj se yon efò “kolektif pou refize kolabore ak (yon moun, yon magazen, yon òganizasyon) pou esprime dezakò osinon pou fòse l aksepte yon kondisyon.”
- Fè grèv se “sispann travay pou fòse yon mèt travay respekte yon demann.”
- Grèv chita se aksyon dirèk lè pwotestata chita sou chèz osinon chita atè nan yon biznis pou pwoteste.

Mesaje Libète

Ant me ak novanm 1961 te gen plis pase 400 nwa ak blan Ameriken ki te prans chans ak lavi yo -genyen ki te pran kout baton- pou yo vwayaje nan otobis ak nan tren toupatou nan rejyon Sid peyi a. Yo te fè espere pou yo pa respekte lwa Jim Crow pou yo pwoteste kont segregasyon nan sistèm transpò etazini, Pandan vwayaj yo, Mesaje Libète sa yo te sibi vyolans ak rasis pandan vwayaj yo, men yo menm yo te reziste san vyolans., dapre WGBH Educational Foundation.

Nan dat 15 jen 1961, nan Ayewopò Tallahassee yo te arete 10 manm nan òganizasyon Interfaith Freedom Ride paske yo te vle al manje nan yon resyoran ayewopò a. Gwoup la te vwayaje soti depi Washington D.C. rive Tallahassee pou pwoteste kont diskriminasyon nan transpòtasyon ant eta yo.

Gwoup la te planifye retounen Washington D.C. apatide ayewopò Tallahassee epi yo te deside al manje nan restoran Severin anndan ayewopò a, se lè sa a polis arete 10 pami pwotestata yo. Yo te rele yo “Tallahassee 10”, yo te lage yo sou kosyon nan demen, men, kanmenm, yo te retounen Tallahassee nan prizon, an 1964 apre kondanasyon yo.

Sous: WGBH Educational Foundation; the Florida Historical Society



Yo ap arete Mesaje Libète yo nan ayewopò Tallahassee. 1961. State Archives of Florida, Florida Memory

Airport Restaurant In Tallahassee Bars Flying 'Freedom Riders'

See Photo Page 2-A
Times Wire Services

TALLAHASSEE — Ten “freedom riders” faced with a closed white restaurant at the Tallahassee Airport where they attempted to get food service asked the Interstate Commerce Commission last night to intervene in their behalf.

Jacksonville Indifferent To 'Riders'

By DAVE LAVENTHOL
Of The Times Staff

JACKSONVILLE — Two groups of “freedom riders” who arrived in an indifferent Jacksonville yesterday are expected in St. Petersburg today.

The 14 members of the “union and professional” group, traveling in two units, also will stop in Ocala and Tampa.

The first group is scheduled to leave Jacksonville at 6 a.m. and is scheduled to arrive in St. Petersburg at 12:45 p.m. The second group is scheduled to leave Jacksonville at 9 a.m. and will arrive in St. Petersburg at 3:55 p.m.

The Tampa stop will be for only a few minutes.

The “freedom riders” are expected to leave St. Petersburg, the last scheduled stop on their trip through the South, as soon as they can find transportation north.

The “union and professional” group includes two white and one Negro women, and six Negro and five white men. One Negro and one white minister, and one white rabbi are included in this group.

The “freedom riders” were almost completely ignored as they debarked from a Greyhound bus at the downtown terminal here about 5 p.m. yesterday. Persons in the station had no comment when the “riders” came in.

The “riders” looked like any other travelers on a hot afternoon trip when they stepped, rumped and weary, off the bus

Shortly before 9 p.m., a group of about 20 white men appeared at the airport terminal. Among them were Homer Barrs and Jack Newell, leaders in the extreme segregationist White Citizens Council.

The whites stood mostly outside the terminal but in groups of two and three entered and surveyed the “freedom riders” who were seated with several local Negroes in the terminal.

At the time only two Tallahassee policemen were at the terminal. Two city plainclothesmen arrived a short time later. About 10 p.m. a fairly strong contingent of city police arrived and they were followed by a group of seven or eight state highway patrol men.

The group of white and Negro clergymen sat down in the terminal and a spokesman said they intended to remain until served on an integrated basis.

They sent a telegram to the chairman of the ICC complaining they had been denied food service by the restaurant.

The spokesman, the Rev. J. W. Collier Jr., Negro, said they had asked an immediate reply. He added that they intended to remain at the terminal until the restaurant was opened on an integrated basis. Both the white and Negro eating facilities were closed.

Eight of the group of clergymen had left earlier by plane to fly back north after their two-day trip into the south testing integration at bus terminals.

ANOTHER GROUP of professional workers and union members arrived in Jacksonville just after 1 p.m. yesterday and is to make a test run to St. Petersburg and Tampa today.

The “freedom riders” after being served integrated in the white lunch room at the Tallahassee Greyhound Bus Terminal without incident, found the airport restaurant closed on arrival.

The group milled around the

(See JACKSONVILLE, Page 11-A)

(See RIDERS Page 2-A)

Fouye nan tèks la

Rezistans pasiv



Mesaje Libète

Lidè nwa yo ap fè manifestasyon nan ri Jefferson ansanm ak yon gwoup ki gen 3000 moun ki ap mache sou lakomin pou Pwoteste kont bonbadman sou Z. Alexaner Loobiny Lidè yo se Reveran C.T. Vivian, premye ranje agoch, Diane Nash, Fisk University; Bernard Lafayette, American Baptist seminary; Curtis Murphy, Tennessee A&I, ranje aryè, mitan ak Rodney Powell, Meharry Medical College. Jack Corn /The Tennessean 4/19/1960

Moun nwa yo te lite pandan plizyè dekad pou yo gen egalite legal. Segregasyon se enjistis ki te pwofon nan Sid Etazini. Lekòl, transpòtasyon piblik ak lòt kote piblik te separe. Pwosè nan tribinal pou konfwote segregasyon nan lekòl te kòmanse depi an 1930 pou rive 1954 lè desizyon Brown vs. Board of Education te fèt. An 1955 Bòykotaj konfwote segregasyon nan otobis Montgomery. An 1960 grèv chita te konfwote segregasyon nan restoran. An 1961 pandan sezon ete a, mouvman pou reklame dwa sivil pou tout moun te kontinye, aktivis yo te konfwote segregasyon nan sistèm otobis yo. Menm lè segregasyon te ilegal yo kontinye fè li. Anpil Ameriken Nwa pa t reklame dwa yo pou evite vyolans ak vanjans ki ta ka fèt kont yo. Sepandan, an 1961, yon gwoup "Mesaje Libète" Nwa ak blan te konfwote segregasyon nan estasyon otobis ak nan bis yo. Yo vin fòse reprezantan ofisyèl gouvènman federal yo aplike lalwa.

Mesaje Libète yo te jwe yon wòl enpòtan nan mou-

vman Dwa Sivil epi tou yo reprezante yon modèl kouraj ki transfòme relasyon ant ras yo nan peyi a. Chèche plis sou istwa Mesaje Libète (Freedom Riders) nan bibliyotèk. Egzamine non sèlman istwa kouraj yon gwoup moun, men tou konsèp pwoteste san vyolans ak konsèp patisipe konpare ak kanpe gade.

Aprè ou vin aprann sou mouvman Mesaje Libète yo, kounye a, chèche nan jounal lokal ou kèk egzanp sitwayen ki leve kanpe pou defann dwa li. Ekri yon atik ki rezime enfòmasyon an, epi jwenn yon fraz nan atik la ki dekri moun nan ak pwoblèm li te vle rezoud la. Ekri yon esè byen devlope ki konsantre sou rechèch ou fè a. Asire ou mete enfòmasyon ou te jwen nan jounal la nan esè ou a. Pataje travay rechèch ou a ak elèv nan klas la.

Pou plis enfòmasyon sou Mesaje Libète Li *Freedom Riders: 1961 and the Struggle for Racial Justice*, otè Ray Arsenault. Gade *Freedom Riders*, yon fim Public Broadcasting film otè Stanley Nelson.



Fouye nan tèks la

Reveye atansyon piblik la

Toupatou nan rejyon agrikòl Etazini, anpil fanmi latino travay san pran souf nan jaden, yo peye yo mal epi yo travay san pwoteksyon nan kondisyon ki deplorab. Manje nou achte nan magazen yo, nan episri yo ak nan restoran yo se rezilta travay moun sa yo ki pa menm gen yon kote rezonab pou yo rete. Aprann plis sou United Farm Workers (UFW) nan sit ufw.org. Chèche konnen sou UFW. Konpare lit Meksiken yo ak lit Ameriken Nwa yo. Chèche konnen sou pwotestasyon Immokalee Farmers ak Florida United Farm Workers te òganize. Chèche yon atik sou travayè agrikòl nan jounal lokal ou. Ajoute enfòmasyon ou te jwenn nan rechèch pa ou, epi kreye yon òganizatè grafik pou montre konparezon pa ou. Pataje sa ou te aprann ak klas la.

Jistis senp

Nan liv *Simple Justice*, Richard Kluger analize kokenn chenn pwosè *Brown vs. Board of Education*. Dapre analiz ekspè konstitisyonèl Louis H. Pollak, pwosè sa Lakou Siprèm nan te konplete an 1954 se "pwobableman aksyon ki pi enpòtan yon gouvènman poze depi Pwoklamasyon Emansipasyon esklav." Gade epizòd PBS *American Experience* "Simple Justice," nan [youtube.com/watch?v=7f47vOWjFBY](https://www.youtube.com/watch?v=7f47vOWjFBY). Diskite ide prensipal ki nan epizòd videyo a ak klas la. Reflechi sou pou ki sa sitasyon Pollak la aplikab. Reflechi sou ki jan lemonn ye kounye a, konpare ak 1954. Ekri yon revyi fim nan pou pataje ak klas la. Itilize seksyon revyi fim nan jounal lokal ou a kòm modèl.



Pou kisa sa enpòtan?

Èske dwa lapawòl ak dwa pwoteste enpòtan toujou jodi a? Ki pwoblèm ki ba w enkyetid? Kòm sitwayen aktif nan Florida, ki sa ou ta renmen ki chanje, pou ki sa? Ki meyè plan aksyon ki ka fasilite chanjman?



Apre 200 etidyan nan lekòl segondè Plant City te fè grèv epi ale nan Lakomin Plant City pou sipòte pwopozisyon Lwa ki devan lacham Senatè Ameriken an. Paran elèv, lòt travayè agrikòl te vin jwenn elèv yo, yo leve drapo Meksiken ak drapo Ameriken, oto ki ap pase klaksonnen pou ankouraje yo. Garnett, Joseph Jr. /Times Photo, Plant City, FL 04/10/2006



Aktivis dwa sivil nan Tampa Bob Gilder ap dirije yon pwotestasyon nan Tampa Housing Authority. Times Photo, 08/16/1968

Kreyasyon sitwayen

“We the People”

Ameriken gen anpil fyète pou yo di se yon nasyon imigran ki patisipe nan konstwi peyi a epi anrichi sosyete a ak kilti a. Men kanmenm gen yon tansyon ant politik pou akeyi nouvo imigran ak enkyetid ke nouvo imigran yo ka chanje karaktè nasyon an.

Depi lè Konstitisyon an te apwouve, jiska jodi a, Ameriken yo kontinye ap entèprete, agrandi epi redefini dwa ak responsablite sitwayen yo. Ki sa sa vle di sitwayènte? Ki dwa ak ki responsablite yon sitwayen genyen? Ki jan dwa ak responsablite sa yo fòme idantite nasyonal nou epi konstwi istwa konplèks nou?



Ameriken ki fyè
Timoun Arab-Ameriken, fanmi Nicola, apeprè an 1920. Mize Nasyonal Istwa Etazini Smithsonian Institution

Fouye nan tèks la

Defini sitwayennte

Itilize tèks 14èm amannman an kòm baz pou fè eksplorasyon sa, define mo “sitwayen” an. Nou ka li kontni amannman an la a: constitutioncenter.org/interactive-constitution/amendment/amendment-xiv.

Diskite ak etidyan nan klas ou sou obligasyon ak responsablite sitwayen yo pou patisipasyon aktif nan sosyete ak nan gouvènman. Kreye yon lis ki gen ide ou yo. Apre sa, explore wòl espesyal sitwayen Florida genyen -tankou pwoteje anviwonman ak abita kreyati vivan yo, konsèvasyon dlo, vote, amannman konstitisyon. Ou ka sèvi ak Konstitisyon Florida a kòm gid: dos.myflorida.com/media/693801/florida-constitution.pdf.

Èske ou konnen?

An 1955, nèf mwa anvan rezistans Rosa Park la, yon jèn fi ki gen 15 ane Claudette Colvin te refize al chita dèyè nan yon otobis Montgomery, Ala. Yo arete sèlman pou sa.

Dwa Etidyan

Lakou Siprèm Etazini defini, nan yon pwosè trè enpòtan ki te rele *Tinker vs. Des Moines* (1969) ke etidyan yo pa pèdi dwa yo nan lekòl piblik; li esplike ke etidyan osinon pwofesè pa pèdi dwa konstitisyonèl pou yo pale lib-e-libè lè yo antre sou teritwa lekòl yo.” Anplis tou li rekonèt ke dwa endividyèl pale lib-e-libè a pa dwe entèfere ni materyèlman, ni sibstansyèlman ak operasyon lekòl la.

Aplikasyon pwosè *Tinker* a sou jounal etidyan te vin modifiye apre desizyon an. Gen yon ka ki defann otorite lekòl pou sansire pawòl elèv ki vilgè, san dekowòm osinon obsèn Gen yon lòt ka, *Hazelwood School District vs. Kuhlmeier* (1988) ki limite lit libète laprès pou jounalis etidyan yo.

Cathy Kuhlmeier te editè nan jounal lekòl segondè ki te rele *The Spectrum*. Nan edisyon me 1983 te gen yon atik sou adolesan ki ansent ak yon lòt atik sou divòs, epi toude atik yo te gen antrevi ak elèv. Nan atik sou adolesan ki ansent la, yo te chanje non elèv yo pou pwoteje idantite yo.

Nan atik sou divòs la, te gen pèmision alekri elèv ki te bay antrevi yo ak tout pèmision paran yo pou pibliye. Anvan piblikasyon an soti, direktè lekòl la te retire 2 paj ki te gen atik yo, paske li te twouve yo dezagreyab. An total, te gen sèt istwa ki te elimine, epi elèv yo dekouvri chanjman an sèlman lè vèsyon papye a enprime epi distribye

Kòm repons, Kuhlmeier ak 2 kanmarad repòtè avèk ed American Civil Liberties Union, depoze plent nan tribinal kont lekòl la an janvyè 1984 sou labaz ke lekòl la te vyole dwa yo genyen dapre Premye ak 14èm amannman.

An me 1985 jij nan tribinal distri deside pa te gen vyolasyon dwa dapre Premye Amannman, anplis

Fouye nan tèks la

Chèche nan jounal lokal ou, nan jounal lekòl ou osinon sou Entènèt diferan fason moun ap egzèse dwa libète lapawòl. Apre sa, ekri yon atik pèsònèl pou diskite jan oumenm ak lòt etidyan yo egzèse libète lapawòl nan lavi toulejou nou. Libète laprès ofri yon platfòm pou repòtè diferan pwoblèm dapre diferan pwennvi. Diskite ak etidyan nan klas la sou sansi potansyèl yo ta ka mete sou etidyan jounalis yo. Diskite regleman ki gen nan lekòl ou sou libète lapawòl ak pawòl malelve. Pou plis enfòmasyon sou sijè, ale sou sit aclu.org/other/students-know-your-rights-presentation.

tou li endike reprezantan ofisyèl lekòl ka limite pawòl elèv yo nan aktivite ki “entegral nan fonksyon edikasyon lekòl la” depi restriksyon an gen yon baz ki enpòtan epi ki rezonab.”

An 1986, Tribinal apèl, an 1986, nan uityèm Sikui te anile desizyon tribinal distri a, lè li deklare ke jounal lekòl la se yon “fowòm piblik” ki sèvi kòm “kanal pou opinyon elèv yo.”

Finalman, Lakou Siprèm re-evalye ka a epi li ranvèse desizyon tribinal sikui a ak yon vòt san inanimite 5 a 3 ki esplike ke lekòl yo kapab sansire pawòl elèv yo si aksyon an “gen koneksyon rezonab ak ansèyman pedagojik;” desizyon sa a gouvènè espresyon elèv yo jiska prezan.”

Sous: NYNPA News Media Literacy/NIE Program



Etidyan lekòl Marjory Stoneman Douglas ap pwoteste devan Palman Florida nan Tallahassee 21 fevriye 2018 pandan rankont ak lejislatur pou mande refòm lwa sou kontwòl zam. Lekòl la te sibi yon sèn tire vyolan pandan semèn anvan an. Scott Keeler, Times Photo.

Egzèse dwa libète lapawòl

Jèn yo kapab

Nan semèn apre tire ki te fèt nan lekòl segondè Marjory Stoneman Douglas 14 fevriye 2018, nan vil Parkland, Florida, elèv yo te rankontre lidè gouvènman an nan vil Tallahassee ak Washington epitou kominike sou medya sosyal pou mande sekirite nan lekòl ak nouvo lwa sou kontwòl zam; yo te rankontre elèv nan Chicago ki te gen lontan depi yo te ap mande mezi sa yo tou. Apre reyinyon yo, 4 mas 2018, elèv aktivis nan Parkland Emma González te di "Moun ki wè eksperyans vyolans zam nou te viv la nan sekirite lakay yo pa ta janm ka fè tande vwa yo pandan tout lavi yo, nan menm nivo nou te rive fè sèlman pandan kèk semèn."

Etidyan aktivis Parkland yo te pale ak lejislatè, ak jounalis, yo te monte sou platfòm medya sosyal yo tou pou ankouraje jèn toupatou patisipe nan grèv etidyan ak nan Pwotestasyon nan Washington D.C..

Etidyan aktivis Parkland yo rejwenn yon tradisyon ki fè jèn toupatou nan lemond anbrase estrateji aktivis pou konfwonte rasis, abi dwa moun, rejim gouvènman opresif, mepri nan kourikouloum lekòl ki pa enkli esperyans tout moun... Yo pran pozisyon ki kòrèk epi ki fèm.



Grèv chita nan restoran an 1960 te kòmanse ak kat etidyan nan vil Greensboro, N.C. Bettmann, via Getty Images

Fouye nan tèks la

Egzèsè dwa libète lapawòl



Etidyan ak aktivis ap pwoteste nan Pak Curtis Hixon 23 fevriye 2018, nan vil Tampa, Florida. Goup la te mache soti nan Blake High School rive nan pak Curtis Hixon. Pwotestasyon an te fèt apre tire ki te rive nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School, nan Parkland, FL. ki tiye 17 moun. Monica Herson, Times Photo

Esplòre aktivis etidyan

Li sou Entènèt atik nan *New York Times* article "7 Times in History When Students turned to Activism" otè Maggie Astor. Sèvi ak atik la kòm yon baz pou mete nan kontèks istorik efò etidyan Parkland yo ak jèn aktivis nan peyi a pou mande chanjman nan mezi pou asire plis sekirite nan lekòl yo ak chanje nan lwa sou posesyon zam.

Divize klas la an 8 gwoup. Asiyè chak gwoup yon etid ka istorik ki pibliye nan *New York Times*. Pa egzanzp, yon gwoup ka li sou grèv chita nan Greensboro, yon lòt gwoup ka li istwa soulèvman nan inivèsite an 1968 ets. Uityèm gwoup la ka li sou Entènèt atik nan *Los Angeles Times* sou "Parkland student activists should study the East L.A. Esplozyon ki lanse yon mouvman nan Kalifòni." Apre yon fin fè lekti entwodiksyon atik ki te pibliye nan *New York Times* la awotvwa, gwoup yo va kontinye ak etap sa yo:

- Egzamine imaj evènman istorik la epi pratike modèl Gade, Reflechì, Poze kesyon ak manm gwoup la.
- Li awotvwa seksyon "7 Times in History When Students Turned to Activism" ki koresponn avèk

evènman istorik gwoup la ap analize a epi diskite kesyon sa yo ak manm gwoup la. Toudepan ki evènman yo genyen, yo ka pa kapab reponn tout kesyon yo.

- Ki jèn moun ki te patisipe nan evènman sa a?
- Ki sa jèn yo te vle chanje?
- Ki sa ki te motive jèn yo aji?
- Ki estrateji jèn yo te itilize pou fè presyon pou chanjman?
- Ki siksè yo te jwenn ak efò yo te fè yo? Ki faktè ki ta kapab kontribye nan siksè yo osinon nan echèk yo?
- Manm gwoup yo ta dwe chwazi yon atik ki asosye ak seksyon tèks pa yo pou yo li epi diskite nouvo enfòmasyon ak refleksyon sou wòl etidyan yo jwe pou yo mande chanjman. Etidyan yo kap retounen sou senk kesyon pi wo la a pou gide diskisyon yo.
- Finalman chak gwoup va prezante evènman istorik yo devan klas la epi tou va diskite kesyon sa yo ansanm:
 - Ki istwa aktivis etidyan nan atik la ki te retni atansyon ou, pou ki sa?
 - Pou ki sa oupanse jèn yo souvan toujou devan lè gen mouvman sosyal?
 - Pou ki sa patisipasyon jèn yo enpòtan.
 - Ki sa egzanzp yo ki nan atik la sijere sou defi potansyèl ak opòtinite ki genyen lè jèn yo patisipe nan mouvman aktivis sosyal?
 - Ki leson ou tire nan egzanzp sa yo?
 - Ki wòl pwotestasyon sans vyolans jwe nan fonksyonman demokrasi?

Adapte apatide Facing History and Ourselves



Rasanbleman nan Soweto, Afrikidisi an oktòb 1976 apre antèman yon etidyan Nwa te mouri nan prizon. Associated Press



Yon etidyan ki pran nan gaz lakrimojèn nan Inivèsite Teheran an jiyè 1999. Associated Press



Yon aktivis Black Lives Matter nan vil St. Louis an septanm 2017, apre yon tribinal te deklare ansyen polisye Jason Stockley pa koupab nan asasinay Anthony Lamar Smith. Lawrence Bryant/Reuters

Demokrasi ap klere

Viv lokalman,panse globalman

Chak jou ki pase, lemonn ap vin pi konplèks. Ann Marie Borders, jounalis nan National Education Association, ekri, "Moun pa te janm plis konekte osinon pi entèdepandan kon sa anvan.

"Chanjman sa yo pote konsèp sitwayennte global, se yon lide ki esplike ke nout moun sou latè fòme yon kominote global, ki fè aksyon nou ka afekte moun ak kominote lokalman, nasyonalman menm entènasyonalman.

Sitwayennte global ankouraje respè ak tolerans pou lòt, konsyans global ak solidarite."

Sitwayennte global yo "wè valè nan entè-depandan globalizasyon, yo pran konsyans ki jan lemonn vin pi piti sitou jan teknoloji fasilite kominikasyon, komès ak vwayaj rapid nan lemonn. Konsyantizasyon sa a louvri je moun pote solidarite, konesans ak koneksyon toupatou nan lemonn" dapre sa American Field Service (AFS) ekri.

Sitwayennte global enpòtan, li ankouraje kolaborasyon menm kote ki ta gen divizyon.


Sources: American Field Service; National Education Association

Lidè chanjman

Tout moun, depi biznismann, devlopè jiska edikatè, politisyen, atis, kreyatè, nou tout responsab pou devlope epi konstwi nasyon an epi tou Florida, natirèlman. Pi ba la a gen yon lis moun sa yo. Chwazi youn pami yo pou ou al fè rechèch sou li. Prepare prezantasyon Power Point osinon Prezi, pataje l ak klas la. Adrese kesyon debaz jounalis poze pandan ou ap chèche konnen: Kiyès, ki sa, ki kote, pou ki sa epi ki jan?

John James Audubon
Mary Lou Baker
Robert M. Beall
Susan Benton
Mary McLeod Bethune
"Alligator" Ron Bergeron
Dr. Robert Cade
Marjorie Harris Carr
Betty Castor
Jacqueline Cochran
Gay Culverhouse
Marjory Stoneman Douglas
Jack Eckerd
Thomas Alva Edison
Gloria Estefan
Henry Flagler
Jake Gaither
Jonathan Gibbs
Althea Gibson
Clarence Earl Gideon
Carl Hiaasen

Marion Hammer
Paula Hawkins
H. Wayne Huizenga
Zora Neale Hurston
Tony Jannus



Thomas Alva Edison nan laboratwa li, apeprè. 1911. Shutterstock

George Jenkins
James Weldon Johnson
Beth Johnson
Stetson Kennedy
Carrie Meek
Addison Mizner
Ransom E. Olds
Osceola
Ruth Bryan Owen
Rutledge Henry Pearson
Tom Petty
Henry Plant
Asa Philip Randolph
Robert Rauschenberg
Charles Ullman Smith
Charles Kenzie Steele
Harriet Beecher Stowe
Robert K. Turpin
Josiah T. Walls
John Walsh

Fouye nan tèks la

Lidè lokal

Lis lidè chanjman ki nan paj sa a pa fin konplè. Gen anpil moun ki fè diferans notab nan kominote yo. Ou kapab jwenn plis Floridyen ki enpòtan nan sit Entènèt sa yo: Great Floridian Program, Florida Heritage Project, Florida Women's Hall of Fame and the Florida Memory Project.

Ansanm ak yon patnè, gade nan jounal lokal ou pou chèche moun nan Florida ki gen rezilta ak siksè nan efò yo ap fè pou pote chanjman nan kominote ou a. Chwazi youn, fi osinon gason, chèche konnen plis sou yo, epi fè prezantasyon pou klas la.

Pou kisa sa enpòtan?

Yon **sipòtè** se yon moun ki pale pou yon lòt osinon ki pran aksyon pou sipòtè travay yon lòt moun ap fè.

Yon **defansè** se yon moun ki sipòtè osinon ki rekòmande piblikman yon koz osinon yon pwogram.

Yon **aktivis** se yon moun ki patisipe nan aktivite pou pote chanjman politik osinon chanjman sosyal. Sa enkli tou lè moun manm yon òganizasyon ki ap travay pou fè chanjman.

Ki kote ou wè plas ou kòm sitwayen aktif? Reflechli sou egzanp aktivite ki ale ak definisyon sa yo. Fè yon lis diferan fason ou ka patisipe nan lekòl ou osinon nan kominote ou.

Sous: Teaching Tolerance



Patisipe

Laplipa moun renmen kominote yo epi vle patisipe pou fè yon sosyete ki meye. Youn nan pi gran baryè yon moun genyen lè li vle patisipe se ke li pa konnen ki aksyon konkrè li ta kapab pran. Etandi pwoblèm ki genyen kapab depase kapasite nou. Pafwa, li difisil pou imajine ki jan yon moun ka pote chanjman.

Panse sou mouvman jistis sosyal tankou mouvman Dwa Sivil Etazini, kraze Mi Bèlen nan Almay osinon lit kont diskriminasyon nan peyi Afrikdisid. Manifestasyon sa yo pa t inevitab, se pa te travay yon sèl moun, osinon yon gwoup. Se rezilta efò anpil moun epi chak moun yo te panse yo ka pote yon chanjman ki pozitif - epi yo pran aksyon konkrè pou pote chanjman yo te vle ki rive.

Men kèk egzanp aktivite ou kabab fè pou ou ka yon ajan chanjman..

Ekri reprezantan gouvènman: Chèche konnen ki moun ki reprezantan gouvènman nivo lokal, nivo eta osinon nasyonal nan sit entènèt dos.myflorida.com/elections/contacts/elected-officials. Ekri yo chak yon lèt sou yon pwoblèm ki enpòtan pou ou.

- Chèche yon egzanp lèt nan American Library Association nan ala.org/aasl/sites/ala.org/aasl/files/content/aboutaasl/aaslcommunity/quicklinks/el/Sample_Letter_to_Elected_Officials.pdf.

Volontè: Gen moun ki evite fè volontè paske yo pa konnen ki kote pou yo kòmanse osinon yo pa sèten yo ka aktif pandan lontan. Men, gen opòtinite pou volontè yon fwa osinon pandan yon tan ki kout.

- Dabò, kòmanse explore opòtinite nan òganizasyon ki ap defann yon kòz ou sipòte. Lekòl ou, travay ou legliz ou ka ovri aktivite ou ka vle patisipe.
- Gen òganizasyon kominotè ak gwoup pwoteksyon anviwonman ki fè pwojè, ki dire yon jou tankou plante pyebwa, netwayaj, efase grafiti, kolekte materyèl ki resiklab. Si ou se yon etidyan, enskri pou fè volontè nan yon pwojè pandan vakans,
- Chèche opòtinite volontè nan sit entènèt idealists.org ak unitedway.org/get-involved/volunteer.

Enkri pou vote - epi vote: Eleksyon lokal ka decide ak diferans dizèn vòt, pa toujou ak milye vòt. Vòt chak moun fè diferans pou detèmine kiyès ki pral reprezante nou nan nivo lokal, nivo eta osinon nan nivo nasyonal.

- Enskri pou ou vote nan sit entènèt

Pou kisa sa enpòtan?

Pou ki sa jèn yo ta dwe angaje nan aktivite kominote yo? Pou ki sa vote? Ki jan aksyon sa yo gen enpak sou prezan ak lavni?

registertovoteflorida.gov osinon ale nan biwo Sipèvizè Eleksyon nan konte ou. Nan Florida moun ki gen 16 an ak 17 an ka enskri alavans epi a 18 an yo kapab vote.

- Meyè kote pou jwenn enfòmasyon sou kandida ou se nan jounal lokal ou ak nan League of Women Voters. Gen plizyè òganizasyon tou ki prepare enfòmasyon pou sipòtè yo.
- Nan Florida, ou kapab vote palapòs, ou ka vote bonè an pèsòn nan espas ki òganize pou sa, osinon ou ka vote an pèsòn nan jou eleksyon an. Chèche konnen lokal pou ou al vote sou sit Sipèvizè Eleksyon lokal ou.

Kontribye: Sipòte òganizasyon ki ap travay nan kòz ki enpòtan pou ou. Si ou pa ka bay lajan, verifye ki sa òganizasyon an bezwen.

Bòykote: Pa sipòte òganizasyon ki kont sa ou valorize osinon ki pran avantaj sou travayè.

Patisipe: Ale nan reyinyon gouvènman lokal: Komisyon konte, komisyon lekòl, komisyon zonaj. Anrejistre pou bay opinyon ou. Ale nan reyinyon asosiyasyon pwopriyete kay. Antre nan gouvènman etidyan ak nan Asosiyasyon Paran, Pwofesè, Elèv nan ekòl ou.

Toujou chèche enfòmasyon: Li jounal kotidyan ak ebdomadè nan kominote ou. Gade pwogram televizyon lokal. Pote atansyon sou anons ki gen nan lekòl.

Sous: Facing History and Ourselves, "Choosing to participate" and "How to Find Your Civic Superpower"

YOUR VOTE COUNTS



Etidyan ki ap netwaye fatra an 2017. Kenbwe Pasco pwòp.



Sophia Torres ak John Stratton [Espesyal pou Times]
Sophia Torres, se yon etidyan nan lekòl Hernando High, li nan foto a ak Sipèentandan lekòl nan Konte Hernando John Stratton, li admèt li te gen anpil emosyon men li kenbe prestans li pou li remèsye elèv delege yo paske yo te vote pou li vin manm nan nan komisyon lekòl Hernando pou ane 2019-2020. Eleksyon an te fèt nan dat 18 septanm 2019, nan biwo komisyon lekòl la.



Èske ou ap chèche enfòmasyon sou sivik nan Florida?



Florida Humanities pibliye yon tiraj espesyal nan revni FORUM sou demokrasi. Nan tiraj 2020 an, pwofesè ki soti nan diferan pati nan eta a ak nan peyi a ekri sou yon modèl gouvènman ki chèche avantaj pou tout moun. Gen refleksyon sou tèks dokiman Deklarasyon Endepandans, sou ki jan demokrasi mache nan eta

a -depi kòmanse nan moman enpòtan nan istwa Florida pou rive sou konstitisyon ak jan nou vote, jan nou patisipe, jan nou pale youn ak lòt ak sivilite menm si nou pa dakò nan politik nou.

Tiraj espesyal sa a selebre Mize Smithsonian ki gen yon espesyal pòtab ki rele *Voices and Votes: Democracy in America, li ap rive nan eta Florida nan ane 2020-2021*; li genyen tou pati sou santèm ane ratifikasyon 19èm amannman ki bay fi yo dwa pou yo vote.

Èske ou ta renmen yon kopi? Vizite FloridaHumanities.org/FORUM pou jwenn yon vèsyon dijital osinon pou kòmande li sou papye.



Fouye nan tèks la

Analiz

Ekri nan jounal ou repons pou kesyon sa a yon aktivis nan mouman dwa sivil Franklin McCain te ekri: "Souvan gen moun ki mande m, ki sa mwen kapab fè?" Ki kalite kesyon sa ye? Gade toutalantou ou. Lè ou rive idantifye ki sa ou vle fè a, pa mande mas moun vin ede ou, paske yo pa vini." An plis, li atik sa yo:

- tallahassee.com/story/news/2019/04/03/bill-arm-teachers-postponed-parkland-protesters-set-up-gauntlet-capitol/3355493002
- washingtonpost.com/news/answer-sheet/wp/2018/02/20/florida-students-chanting-we-want-change-walk-out-of-schools-to-protest-gun-violence

Pran nòt pandan ou ap li aktik yo epi prepare pou ou diskite ide yo an ti gwoup, nan klas la. Explore kesyon sa yo an relasyon ak twa atik yo:

Pou ki sa ou panse elèv yo nan lekòl segondè Marjory Stoneman Douglas te kapab rive soutni konvèsasyon sou kontwòl zam alòske lòt elèv anvan yo pa te reyisi? Pou ki sa apwòch a te mache? Ki jan ou panse idantite yo rive enfluyans jan yo te resevwa yo? Ki istwa aktivis etidyan nan atik la ki te retni atansyon ou, pou ki sa? Ki wòl pwotestasyon sans vyolans jwe nan fonksyonman demokrasi?

Reflech sou pawòl McCain nan. Ki jan ou entèprete deklarasyon sa a? Ki jan jèn ki nan atik yo aplike filozofi McCain nan?

Ki pwoblèm ki nan lekòl osinon nan kominote a ou ta renmen adrese? Ki etap ou ta pran pou adrese pwoblèm nan?

Pou kisa sa enpòtan?

Ekri mo pa ou, esplike ki sa yon bon sitwayen global vle di, pou ki sa sa enpòtan. An 2015, plizyè peyi te kreye 17 "Objektif Global pou yo reyalize anvan ane 2030. Fondasyon Nasyonzini defini Objektif Devlopman Soutenab (SDG) kòm yon "plan mondyal pataje pou elimine povrete ekstrèm, redui inegalite epi pwoteje planèt la anvan ane 2030." Ann Marie Borders ekri, "Plan SDG a esplike ki sa vle di sitwayen global - se kolabore pou patisipe nan yon kominote global. Verifye objektif sa yo nan sit Entènèt Fondasyon Nasyonzini. Èske sa enpòtan pou ou yon bon sitwayen Objektif Devlopman Soutenab (SDG) se yon "plan mondyal pataje pou elimine povrete ekstrèm, redui inegalite epi pwoteje planèt la anvan ane 2030."



Jounal nan edikasyon

Pibliasyon sa a soti nan pwogram jounal Tampa Bay Times Newspaper in Education (NIE)

an kolaborasyon ak Florida Press Educational Services (FPES). NIE se yon kolaborasyon ant lekòl ak jounal pou ankouraje lekòl yo sèvi ak jounal enprime osinon an liy kòm resous nan edikasyon - tankou yon manyèl vivan.

Resous sa yo klase nan kategori tèks enfòmasyon, yon kalite tèks non-fiktif. Objektif prensipal tèks enfòmasyon se kominike enfòmasyon sou lanati ak sou sosyete. Materyèl NIE devlope yo kouvri divès sijè ki aliye sou estanda edikasyon nan Florida.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou FPES ak NIE, vizite fpesnie.org. Pou jwenn enfòmasyon sou NIE nan Tampa Bay Times ale sou sit tampabay.com/nie. Suiv nou sou Twitter nan twitter.com/TBTimesNIE.

Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/TBTNIE.

Kowòdinasyon Pwojè a

Sue Bedry, *Times* staff, sbedry@tampabay.com
 Jodi Pushkin, *Times* staff, jpushkin@tampabay.com
 Karen Tower, FPES, ktower@flpress.com

© Tampa Bay Times 2020

Kredi

Otè Jodi Pushkin, *Times* staff
 Konsepsyon Patricia Langgle, Ekip *Times*

Estanda Florida

Pibliasyon sa a ansanm ak aktivite ki ladan li suiv Estadan Florida pou nivo lekòl pre-segondè ak segondè nan Syans Sosyal.

- Syans Sosyal:** SS.6.C.1.1; SS.6.C.1.2; SS.7.C.1.1; SS.7.C.1.2; SS.7.C.1.3; SS.7.C.1.4; SS.7.C.1.7; SS.7.C.2.1; SS.7.C.2.3; SS.7.C.2.4; SS.7.C.2.5; SS.7.C.2.10; SS.7.C.2.11; SS.7.C.3.4;

- SS.7.C.3.6; SS.7.C.3.7; SS.7.C.3.12; SS.7.C.3.13; SS.7.E.2.4; SS.8.A.1.1; SS.8.A.1.2; SS.8.A.1.3; SS.8.A.1.5; SS.8.A.3.2; SS.8.A.3.3; SS.8.A.3.4; SS.8.A.3.5; SS.8.A.3.6; SS.8.A.3.7; SS.8.A.3.8; SS.8.A.3.16; SS.8.C.1.1; SS.8.C.1.2; SS.8.C.1.5; SS.8.C.1.6; SS.9.12.A.1.1; SS.9.12.A.1.2; SS.9.12.A.1.3; SS.9.12.A.1.7; SS.9.12.A.2.4; SS.9.12.A.3.13; SS.9.12.A.4.11; SS.9.12.C.1.1; SS.9.12.C.1.2; SS.9.12.C.1.3; SS.9.12.C.2.1; SS.9.12.C.2.2; SS.9.12.C.2.3; SS.9.12.C.2.8; SS.9.12.C.2.10; SS.9.12.C.2.15; SS.9.12.C.3.10; SS.9.12.H.1.2; SS.9.12.S.1.4; SS.9.12.S.2.12

Analiz Tèks: LAFS.68.WHST.1.1; LAFS.68.WHST.1.2; LAFS.68.WHST.2.4; LAFS.68.WHST.2.5; LAFS.68.WHST.2.6; LAFS.68.WHST.3.7; LAFS.68.WHST.3.8; LAFS.68.WHST.3.9; LAFS.68.WHST.4.10; LAFS.612.L.1.1; LAFS.612.L.1.2; LAFS.612.L.2.3; LAFS.612.L.3.4; LAFS.612.L.3.6; LAFS.612.RH.1.1; LAFS.612.RH.1.2; LAFS.612.RH.1.3; LAFS.612.RH.2.4;

- LAFS.612.RH.2.5; LAFS.612.RH.2.6; LAFS.612.RH.3.7; LAFS.612.RH.3.9; LAFS.612.RI.1.1; LAFS.612.RI.1.2; LAFS.612.RI.1.3; LAFS.612.RI.2.4; LAFS.612.RI.3.8; LAFS.612.RI.3.9; LAFS.612.SL.1.1; LAFS.612.SL.1.2; LAFS.612.SL.1.3; LAFS.612.SL.2.4; LAFS.612.SL.2.5; LAFS.612.SL.2.6; LAFS.612.W.1.1; LAFS.612.W.1.2; LAFS.612.W.1.3; LAFS.612.W.2.4; LAFS.612.W.2.5; LAFS.612.W.2.6; LAFS.612.W.3.7; LAFS.612.W.3.8; LAFS.612.W.3.9; LAFS.612.W.4.10; LAFS.912.WHST.1.1; LAFS.912.WHST.1.2; LAFS.912.WHST.2.4; LAFS.912.WHST.2.5; LAFS.912.WHST.2.6; LAFS.912.WHST.3.7; LAFS.912.WHST.3.8; LAFS.912.WHST.3.9; LAFS.912.WHST.4.10

Kontribitè Akademik

Judithanne Scourfield McLauchlan, Ph.D., University of South Florida St. Petersburg
 Steven Noll, Ph.D., University of Florida